**PLENT POU PWOTEKSYON KONT ABI**
**(G.L. c. 209A) Paj 1 / 2**

POU TRIBINAL ITILIZE SÈLMAN – NIMEWO REJIS.

# TRIBINAL PREMYE ENSTANS MASSACHUSETTS

A ☐ TRIBINAL MINISIPAL BOSTON ☐ TRIBINAL DISTRI ☐ TRIBINAL SIKSESYON AK ZAFÈ FANMI ☐ TRIBINAL SIPERYÈ ____________________ DIVIZYON

B Non Moun ki Fè Plent lan *(moun k ap chèche jwenn pwoteksyon an)*

F Non Akize a *(moun yo akize ki fè abi a)*

Ti non jwèt Akize a, si li gen youn

Sèks: ☐ G ☐ F

C
☐ Mwen gen laj 18 tan ou plis.
☐ Mwen poko gen laj 18 tan, epi ________________________________,
mwen ________________________ *(relasyon avèk Moun ki Fè Plent lan)* fè plent sa a pou mwen.
☐ Akize a gen laj 18 tan ou plis.

D Dapre sa mwen konnen, Akize a posede zam, minisyon, kat idantifikasyon pou revòlvè, ak/oswa lisans pou pote:

G Akize a ak Moun ki Fè Plent lan:
☐ marye pou kounye a youn ak lòt
☐ te marye youn ak lòt
☐ pa marye men yo gen relasyon san oswa maryaj youn ak lòt; sitou, Akize a se ________________________
☐ paran youn oswa plis timoun
☐ pa gen relasyon men y ap viv nan menm kay la
☐ t ap viv nan menm kay la
☐ nan oswa te nan yon relasyon lanmou oswa angajman

E Èske gen nenpòt aksyon tribinal anvan oswa ki annatant nan nenpòt eta oswa peyi ki konsène Moun ki Fè Plent lan ak Akize a pou divòs, anilasyon, sipò apa, separasyon legal oswa prekosyon pou abi? ☐Non ☐Wi
Si ou reponn Wi, bay Tribinal la, kalite dosye a, dat la, epi (si li disponib) nimewo rejis la.

H Èske Moun ki Fè Plent lan gen nenpòt timoun ki poko gen laj 18 tan?
☐Non ☐Wi
Si ou reponn Wi, Moun ki Fè Plent lan dwe ranpli pati apwopriye paj 2 a.

I Nan dat oswa apeprè nan (dat la) ________________________ mwen te soufri abi lè Akize a:
☐ te eseye fè domaj fizik sou mwen
☐ te lakòz mwen gen domaj fizik kontrent mete mwen
☐ te fè mwen gen laperèz domaj fizik grav menasan
☐ te lakòz mwen angaje nan relasyon seksyèl avèk lafòs, menase mwen oswa

J **POUTÈT SA, MWEN MANDE TRIBINAL LA:**

☐ 1. egzije Akize a pou li sispann fè mwen abi lè l ap fè mwen mal, menase mwen oswa eseye fè domaj fizik sou mwen, oswa lè l ap fè mwen gen laperèz pou domaj fizik grav menasan, oswa lè li itilize lafòs, menas oswa restriksyon pou fè mwen angaje nan relasyon seksyèl.
☐ 2. egzije Akize a pou li pa kontakte mwen, sof si Tribinal la otorize li pou fè sa.
☐ 3a. egzije Akize a pou li kite kay mwen epi pou li rete lwen kay mwen: *Gade Fòm Enfòmasyon Sekrè Moun ki Fè Plent lan.*
*Si se yon bilding ki gen apatman oswa lòt kay pou anpil fanmi, klike la a* ☐
☐ 3b. egzije Akize a pou li kite travay mwen epi pou kanpe lwen travay mwen: *Gade Fòm Enfòmasyon Sekrè Moun ki Fè Plent lan.*
☐ 3c. egzije Akize a pou li kite lekòl mwen epi pou li kanpe lwen lekòl mwen: *Gade Fòm Enfòmasyon Sekrè Moun ki Fè Plent lan.*
☐ 4a. egzije pou adrès kay mwen pa parèt sou lòd la.
☐ 4b. egzije pou adrès travay mwen pa parèt sou lòd la.
☐ 4c. egzije pou adrès lekòl mwen pa parèt sou lòd la.
☐ 5. egzije Akize a pou li peye mwen $________________________ nan konpansasyon pou pèt sa yo mwen fè a akòz konsekans dirèk abi a:
________________________________________________________________
☐ 6. egzije Akize a, ki gen obligasyon legal pou fè sa, pou li peye mwen sipò pou yon ti tan.
☐ 7. egzije dedomajman mwen mande nan Paj 2 Plent sa a ki konsène timoun minè mwen oswa timoun minè mwen yo.
☐ 8. egzije sa ki endike anba la a: ________________________________________________
☐ 9. egzije dedomajman mwen mande a, sof pou sipò pwovizwa a pou mwen ak/oswa pitit mwen (yo) epi pou konpansasyon pou tout sa mwen pèdi yo, san preyavi pou Akize a paske gen yon gwo chans pou danje imedyat abi. Mwen rekonèt si Tribinal la bay yon Lòd pwovizwa, Tribinal la ap pwograme yon odyans nan 10 jou ouvrab pou detèmine si yon Lòd pwovizwa konsa ta dwe kontinye, epitou mwen dwe prezante nan Tribinal la nan jou a si mwen vle pou Lòd la kontinye.

| DAT (mwa/jou/ane) | SIYATI MOUN KI FÈ PLENT LAN | **Tanpri ranpli deklarasyon sou sèman an nan dèyè paj sa a** |
|---|---|---|
| | X | |

Sa a se yon demann pou yon lòd sivil pou pwoteje Moun ki Fè Plent lan kont abi pidevan. Aksyon Akize a ka vle di yon krim ki ka lakòz li jwenn sanksyon kriminèl. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou fè yon plent kriminèl, ou kapab pale avèk Biwo Distri Pwokirè a pou kote abi ou endike a te fèt.

This form is for your reference only. Do not submit to the court.
Fòm sa a la sèlman pou referans. Pa remèt li nan tribunal la.